# XALÍQ DEPUTATLARÍ NÓKIS RAYONLÍQ KEŃESI
## SH E SH I M I

2024 - yil 20 - yanvar VI-80-3-13-188-K/24 Nukus tuman hokimligi

**Awıl xojalığına mólsherlengen jer maydanlarınan maqsetli paydalanıw jağdayın úyreniw boyınsha isshi topar quramın tastıyıqlaw haqqında**

Ózbekstan Respublikası Senatı hám Ózbekstan Respublikası Oliy Májilis Nızamshılıq palatasınıń 2023-jıl 13-dekabr kúngi 3787-IV/QQ-642-IV-sanlı qospa qararına tiykar respublika boylap awıl xojalığına mólsherlengen jer maydanlarınan maqsetli paydalanıw jağdayın úyreniw boyınsha isshi topar quramın dúziw haqqındağı qospa qararına tiykar Ózbekstan Respublikası "Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında"ğı Nızamınıń 6, 24-statyasına muwapıq, Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi

**SH E SH I M E T E D I:**

1. Ózbekstan Respublikası Senatı hám Ózbekstan Respublikası Oliy Májilis Nızamshılıq palatasınıń 2023-jıl 13-dekabr kúngi 3787-IV/QQ-642-IV-sanlı qospa qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Nókis rayonında jerge bolğan huqıqtı tastıyıqlawshı hújjetleri tolıq bolmağan, hújjettegi hám ámeldegi maydanı bir-birinen parıq qılatuğın, turaqlı paydalanıw ushın ajıratılğan awıl xojalığına mólsherlengen jerlerden paydalanıw jağdayın úyreniw boyınsha jergilikli Keńes deputatlarınan ibarat isshi topar quramı **1-qosımshağa** muwapıq tastıyıqlansın.

3. Awıl xojalığına mólsherlengen jerlerden paydalanıw jağdayın úyreniw boyınsha jumıslardı nátiyjeli shólkemlestiriw sxeması **2-qosımshağa** muwapıq tastıyıqlansın.

4. Sheshimniń orınlanıwın qadağalaw Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesiniń Agrar, suw xojalığı hám ekologiya máseleleri boyınsha turaqlı komissiyasına júklensin.

5. Sheshim qabıl etilgen kúnnen baslap kúshke kiredi.

**Kenes basligi orinbasari** **Z.I.Zaytov**

Xalq deputatlari Nukus tuman
Kengashining
2024-yil 20-yanvardagi
VI-80-3-13-188-K/24-son
qaroriga
1-ilova

**Nókis rayonında jerge bolǵan huqıqtı tastıyıqlawshı hújjetleri tolıq bolmaǵan, hújjettegi hám ámeldegi maydanı bir-birinen parıq qılatuǵın, turaqlı paydalanıw ushın ajıratılǵan awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden paydalanıw jaǵdayın úyreniw boyınsha jergilikli Keńes deputatlarınan ibarat isshi topar**

**QURAMÍ**

| **№** | **F.A.Áa** | **Lawazımı** |
|---|---|---|
| **1.** | Dawletbaev Orazbay Amanlıqovich | Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi deputatı, isshi topar baslıǵı |
| **2.** | Djumamuratov Baxtiyar Djoldasbaevich | Mámleketlik kadastrlar palatası Nókis rayonı filialı baslıǵı, isshi topar baslıǵı orınbasarı |
| **3.** | Qurbanbaev Rawaj Eщanovich | Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi deputatı |
| **4.** | Bekbergenova Júzimgúl Shımbergenovna | Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi deputatı |
| **5.** | Uteniyazova Rayma Xıyatovna | Xalıq deputatları Nókis rayonlıq Keńesi deputatı |
| **6.** | Jumanov Jayılxan Aytmuratovich | Nókis rayonı Awıl xojalıǵı bólimi baslıǵı |
| **7** | Seybullaev Arepbay Janabaevich | Nókis rayonı Irrigaciya bólimi baslıǵı |
| **8.** | A.Mırzamuratov | Awıl xojalıǵında xızmetler kórsetiw agentligi aymaqlıq bólimi baslıǵı |
| **9.** | Karamatdinov Bayram Nájmetdinovich | Nókis rayonı salıq inspekciyası baslıǵı |

***Esletpe:*** *Tapsırmalardıń sapalı orınlanıwın támiyinlew maqsetinde isshi topar aǵzaları quramına qosımsha juwapkerler biriktiriliwi hámde isshi topar aǵzalarınıń lawazımı, jumıs ornı ózgergen jaǵdayda, usı orınǵa bekitilgen shaxs isshi topar aǵzası etip belgilenedi.*

Xalq deputatlari Nukus tuman
Kengashining
2024-yil 20-yanvardagi
VI-80-3-13-188-K/24-son
qaroriga
2-ilova

## Awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden paydalanıw jaǵdayın úyreniw boyınsha jumıslardı nátiyjeli shólkemlestiriw

## SXEMASI

| Basqıshlar | Subyektler | Ilajlar | Orınlaw múddeti |
|---|---|---|---|
| | | | |
| 1-basqısh | Xalıq deputatları rayonlıq Keńesi | Jerge bolǵan huqıqtı tastıyıqlawshı hújjetleri tolıq bolmaǵan, jerdiń hújjettegi hám ámeldegi maydanı bir-birinen parıq qılatuǵın hám turaqlı paydalanıw ushın ajıratılǵan awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden paydalanıw jaǵdayın úyreniw boyınsha 1-qosımshadaǵı quramda isshi topar shólkemlestiriw. | 2023-jıl 22-dekabr |
| | | | |
| 2-basqısh | Isshi topar, rayon hákimligi, Kadastr agentligi rayonlıq bólimi | 2-qosımshadaǵı wazıypalardan kelip shıqqan halda 2 aylıq reje islep shıǵıw | 2023-jıl 22-dekabr |
| | | | |
| 3-basqısh | Rayon hákimligi, Kadastr agentligi rayonlıq bólimi, rayonlıq awıl xojalıǵı bólimi, rayonlıq salıq inspeksiyası | Isshi topardı jer esabın júritiwdiń ámeldegi halatı hámde bul boyınsha bar bolǵan mashqalalar boyınsha rayon kesiminde analiz maǵlıwmatlar támiyinlew (ózlerine tiyisli bólegi boyınsha) | 2023-jıl 22-dekabr |
| | | | |
| 4-basqısh | Rayonlıq isshi topar | Aymaqlarda tómendegiler:<br>-Jerge bolǵan huqıqtı tastıyıqlawshı hújjetler halatı;<br>-Jerdiń hújjettegi hám ámeldegi maydanı bir birinen parıq qılıwı;<br>-Aldıńǵı dáwirde turaqlı paydalanıw ushın ajıratılǵan awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden paydalanıw halatı;<br>-Diyxan hám fermer xojalıqları jer uchastkalarınan ónimli paydalanǵanlıǵı boyınsha jaǵdayın úyreniw | Eki ay dawamında |
| | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 5-basqısh | Isshi topar, rayon hákimligi menen birgelikte | Úyreniw jumıslarınıń barısın talıqlap barıw | Hár háptede bir márte |
| | | | |
| 6-basqısh | Isshi topar | Hár bir jer uchastkası boyınsha rayon hákimi hám jerden paydalanıwshı ortasında ijara shártnamasın dúziw *(ijara shártnamasına ózgertiriw hám qosımshalar kiritiw)* hámde jerden paydalanıwshılardıń jer uchastkalardan aqılǵa muwapıq paydalanbaw halatları anıqlanǵanda jer uchastkaların hákimlik rezerv qorına qaytarıw boyınsha usınıslar tayarlaw | 2024-jıl 22-fevral |
| | | | |
| 7-basqısh | Isshi topar | Úyreniw juwmaqları, anıqlańgan kemshilikler hám tayarlanǵan usınıslardı kórip shıǵıw ushın Xalıq deputatları rayonlıq Keńesine kiritiw | 2024-jıl 26-fevral |
| | | | |
| 8-basqısh | Xalıq deputatları rayonlıq Keńesi | Úyreniwler juwmaqlarınan kelip shıǵıp, hár bir jer uchastkası boyınsha rayon hákimi hám jerden paydalanıwshı ortasında ijara shártnamasın dúziw *(ijara shártnamasına ózgertiw hám qosımshalar kiritiw)* yaki jer uchastkasın rezerv qorına qaytarıw sharaların kóriw maselesin Xalıq deputatları rayonlıq Keńes sessiyasında kórip shıǵıw | 2024-jıl 5-mart |
| | | | |
| 9-basqısh | Xalıq deputatları rayonlıq Keńesi | Awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden paydalanıw halatın úyreniw boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar boyınsha maǵlıwmatlardı joqarı uyımǵa kiritiw | 2024-jıl 15-mart |